



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
Pwogram Apre Lekòl
Otorizasyon Limite pou vin Chèche Elèv

Lekòl la dwe gen yon otorizasyon alekri ki soti nan men paran/responsab legal elèv la nenpòt lè se yon moun ki pa paran/responsab legal ki vin chèche elèv la. Foto idantite obligatwa pou vin chèche yon timoun.

Non Elèv la (siyati, prenon, dezyèm prenon)	Paran/Responsab Legal	Nimewo Telefòn
---	-----------------------	----------------

Paran/Responsab legal la ap fè moun ki gen non yo sou fòm pou vin chèche elèv la konnen si yo refize bay vrè idantifikasyon yo, lekòl la pa p remèt moun nan elèv la. Nan ka se yon paran k ap telefone Pwogram Apre Lekòl la avèk yon demann otorizasyon limite, estaf Pwogram Apre Lekòl la dwe ranpli fòm sa a tousuit, fè paran an siyen li rapidman posib, epi kenbe l nan biwo Pwogram Apre Lekòl la.

Yo dwe suiv etap sa yo lè yon paran rele Pwogram Apre Lekòl la avèk yo demann otorizasyon limite:

1. Yo **DWE** bay yon modpas nan telefòn pou idantifikasyon ak apwobasyon paran.
2. Fòm sa dwe ranpli, siyen ak klase nan entèval **DE (2)** semèn demann la avèk Direktè/Ofis Apre Lekòl la.

Mwen menm, Paran/Responsab legal, bay moun ki anba a pèmision pou vin chèche pitit mwen an nan Pwogram Apre Lekòl diran absans mwen.

Non moun ki vin chèche elèv la _____

Nimewo lisans (oswa nimewo idantite ak foto) _____

Lyen parante ak elèv la _____

Nimewo telefòn(yo) moun nan _____

Mwen menm, Paran/Responsab legal, bay moun ki gen non li anwo a pèmision pou vin chèche (elèv ki gen non li anwo a) nan youn nan kondisyon sa yo.

- Yon Jou Sèlman (enprime mwa, jou, ane, pa egzanp 4 fevriye 2009) _____
- Yon Semèn Sèlman(enprime semèn egzat la, pa egzanp 3-7 fevriye 2009) _____
- Yon Mwa (enprime mwa egzat la, pa egzanp mas 2009) _____
- Lòt (enprime dat espesifik yo) _____

Mwen menm, Paran/Responsab legal, ap fè moun sa a konnen li dwe gen idantifikasyon avèk li lè li pral chèche pitit mwen an (non elèv ki anwo a).

SIYATI PARAN/RESPONSAB LEGAL

DAT

DIREKTÈ OSWA REPREZANTAN PWOGRAM APRE LEKÒL

DAT